

GWROUP TRAVAY SOU EKITE VAKSEN KONT COVID-19 ETA NEW YORK

ZOUTI FIRESIDE CHAT

Kisa yon Fireside Chat (Chita Pale) ye? Yon Fireside Chat se yon entèvyou enfòmèl men ki estriktire ki pote enfòmasyon, ak yon touch pèsònèl, bay piblik la. Li bay espas pou fè konvèsasyon onèt sou vaksen kont COVID-19 yo avèk manm nan kominote a ou ka fè konfyans.

Pou nou atenn plis manm nan kominote a pou yo bay mesaj la, nou te devlope zouti sa a pou ede w jere pwòp Fireside Chat vityèl pa ou. Anviwon 75 a 85 pousan nan rezidan New York yo dwe pran vaksen pou tout New York ka gen pwoteksyon. Anpil rezidan New York retisan pou yo pran vaksen. Anplis, gen anpil fo enfòmasyon k ap sikile sou vaksen yo. Ou kapab ede fòme ak enfòme rezidan New York yo pou asire yo jwenn pi bon enfòmasyon ki disponib la. Opinyon ou pral esansyèl pou pote verite yo bay kominote w la epi pi lwen toujou. Yon fason ou kapab fè sa se lè w jere pwòp Fireside Chat pa ou pou fè misyon nou an avanse. Misyon nou se ranfòse konfyans, fòme kominote yo, epi ede rezidan New York yo pran desizyon eklere sou vaksen kont COVID-19 la.

Faz Planifikasyon

✓ Elabore yon pwogram.

KONSÈY: Reflechi byen:

- Sou ki mesaj kle ou vle konsantre ou?
- Ki piblik ou vize pou Fireside Chat sa a, epi kisa yo panse sou vaksen kont COVID-19 la?
- Èske gen lejann espesifik oswa fo enfòmasyon sou vaksen an nan piblik ou vize a ou vle abòde?
- Kijan nou kapab pi byen atenn objektif la ki se pataje enfòmasyon sou vaksen kont COVID-19 la?

KONSÈY: Konsidere moman an. Men yon estrikti pou suiv: 5 minit pou akèy ak jesyon, 5 minit pou remak entwodiksyon yo, 45 minit pou diskisyon/Kesyon ak Repons epi 5 minit pou di dènye koze.

✓ Idantifye entèvenan yo.

KONSÈY: Konsidere:

- Kiyès ki pi byen pare pou fè prezantasyon sou domèn ou vle konsantre yo?
- Manm Gwoup Travay sou Ekite (Vaccine Equity Task Force) Vaksen kont COVID-19 Eta New York ak Anbasadè yo se yon bon pwen depa pou idantifye entèvenan yo!

KONSÈY: Pou jwenn pi bon rezilta, mete aksan sou manm ak lidè kominotè ou ka fè konfyans ki konprann eksperyans ak enkyetid piblik ou vize a.

✓ Elabore kesyon ki tou prepare ou kapab bay entèvenan yo alavans. Panse pou entegre kesyon ki soti nan piblik la tou, men li toujou itil pou genyen kesyon ki tou prepare ki pare pou itilize. (Gade Anèks 1: Ansanm Kesyon ki tou Prepare)

✓ Prepare dyapozitif yo (men kenbe yo nan yon minimòm). Mete eleman jesyon (pa egzanp, baz platfòm yo – koupe son / aktive son, entèyaktivite), kesyon diskisyon potansyèl pou kreye diskisyon.

KONSÈY: Prepare senk (5) a dis (10) kesyon diskisyon pou demare konvèsasyon an. Sa pral ede moderatè a mennen diskisyon an epi bay piblik la ton pou l suiv. Ou kapab voye kesyon ki tou prepare yo bay entèvenan/panelis yo alavans pou ede yo prepare.

✓ Deside ki platfòm ou pral itilize pou diskisyon w lan (sa vle di, Zoom, YouTube, WebEx, FB live, IG Live, elatriye).

KONSÈY: Chak platfòm ou chwazi gen fonksyonalite diferan epi gen divès lisans pou chak. Asire w mande ki kantite maksimòm patisipan ou kapab mete. Patenarya yo pral enpòtan pou sa!

KONSÈY: [Sant Èd Zoom](#)

KONSÈY: [Baz WebEx yo](#)

KONSÈY: [Difize yon Evènman An Dirèk sou Facebook](#)

KONSÈY: [Fason pou Difize An Dirèk Sou YouTube](#)



Department
of Health



Ann #VaccinateNY!

- ✔ **Deside fason ou pral jere enskripsyon yo.** Enskripsyon alavans yo kapab ede w konnen konbyen patisipan pou atann.

KONSÈY: [Fason pou Kreye yon Evènman sou Eventbrite](#)

KONSÈY: [Sistèm Rezèvasyon Anliy ak Lojisyèl Rezèvasyon | Bookwhen](#)

KONSÈY: [Ticket Tailor](#)
- ✔ **Prepare pou sèvis aksè nan lang ak ASL si sa nesese.** Fireside Chat la ta dwe fèt nan lang prensipal entèvenan yo ak patisipan yo.

KONSÈY: [Entèprèt Langaj Siy Ameriken \(American Sign Language, ASL\) ki Sètifye](#)

KONSÈY: [Soutitraj kode ak transkripsyon an dirèk – Zoom](#)

KONSÈY: [Entèpretasyon lang nan reyinyon yo ak wèbinè yo – Zoom](#)
- ✔ **Bati ekip ou – Òganize yon evènman Fireside Chat vityèl ki reyisi mande yon ekip ki gen ladan anpil wòl ak fonksyon ki enpòtan.** Pa egzanp, si w chwazi Zoom kòm platfòm vityèl pou òganize Fireside Chat ou a, wòl enpòtan sa yo pral itil ou pou fè siksè: yon Platfòm Akèy, yon Ko-Animatè, yon Moderatè Bwat Dyalòg, yon Patajè Ekran, yon Moderatè Panèl/Diskisyon, ak yon Moun k ap pran Nòt.

KONSÈY: [Idantifye moderatè w la bonè epi prezante li bay entèvenan an \(yo\) pou ede òganize evènman an.](#)

KONSÈY: [Òganize reyinyon yo alavans pou fè pratik epi mete w alèz ak platfòm evènman an.](#)

KONSÈY: [Dekri responsabilite pou chak wòl.](#)

KONSÈY: [Konsidere asistans teknik ki nesese a. Mande tèt ou kiyès ki pral jere platfòm lan, pataje dyapozitif yo, suiv dyalòg la, elatriye!](#)
- ✔ **Kreye yon flayè oswa anons ki di “Save the Date” (Kenbe Dat la) ki pataje detay kle sou Fireside Chat la pou fè pwomosyon pou evènman an.**

KONSÈY: [Modèl Flayè yo \(office.com\)](#)

KONSÈY: [Flayè- Evènman | Smilebox](#)

Faz Enplemantasyon

- ✔ **Fè Pwomosyon pou Evènman an.**

 - Pataje flayè ki di ‘Kenbe Dat la’ pou bay mesaj la.
 - Itilize medya sosyal yo pou fè mesaj la pase.
 - Angaje rezo kominotè yo, tankou kominote relijye yo, gwoup sipò yo, ak lòt òganizasyon kominotè yo.
 - Pataje avèk lòt manm Gwoup Travay sou Ekite Vaksen kont COVID-19 yo, Anbasadè yo, ak lòt patnè kominotè yo.
 - Mete anplas anons regilye pou fè moun ki enskri yo sonje evènman k ap vini an.
 - Mande entèvenan, panelis ak moderatè yo pou yo fè pwomosyon pou evènman an sou chèn pa yo.
- ✔ **Reponn kesyon moun ki enskri yo poze pandan w ap prepare pou evènman an.**
- ✔ **Elabore yon Lòd Dijou pou Espektak.**

 - Kontinye reyini/pale avèk ekip la ak entèvenan yo.
 - Eksplike dewoulman evènman w lan soti nan kòmansman rive nan fen ak lè, non entèvenan yo, wòl pèsonèl la, nòt pou entèvenan/moderatè yo, demann ki espesifik pou teknoloji (pa egzanp, pataje dyapozitif, anrejistreman, ASL, soutitraj kode), ak nenpòt lòt bagay ki pral enpòtan pou evènman w lan dewoule byen!
 - Konsidere entèyaktivite pandan evènman w lan:
 - [Fè sondaj pou reyinyon yo - Zoom](#)
 - [Fidbak ak reyaksyon san pale - Zoom](#)
 - [Afiche sondaj sou fidbak reyinyon an – Zoom](#)

Faz Rapò ak Suivi

- ✓ Kontinye konvèsasyon an sou medya sosyal yo ak nan kominote w yo!
- ✓ Pataje evènman w lan sou COVID19VaccineEquity@health.ny.gov yon fason pou n kapab anplifye evènman an ak Gwoup Travay la!
- ✓ Tanpri ranpli [Sondaj](#) sa a pou pataje detay sou evènman w lan!

KONSÈY: Men kèk enfòmasyon ou pral bezwen pou ranpli sondaj la:

- Non evènman w lan
- Dat evènman w lan
- Kantite patisipan ki te enskri epi ki te prezan nan evènman an
- Ki platfòm ou te itilize pou òganize evènman an
- Aktivite pwomosyonèl ou fè
- Piblik ou a (pa egzanp, louvri pou tout moun, rejyonal, espesifik pou òganizasyon)
- Enterè pou fè yon lòt fowòm kominotè
- Leson enpòtan moun aprann oswa lòt sijè Gwoup Travay la ta dwe konnen

Anèks 1 – Ansanm Kesyon ki tou Prepare

Kesyon Jeneral sou Vaksen

1. Piblik la te gen anpil enkyetid lè yo wè ak ki vitès yo te devlope ak apwouve vaksen yo pou yo itilize yo annijans. Kijan nou kapab sèten yo te pran mezi ki apwopriye yo pou yo asire vaksen yo san danje ak efikas?
2. Piske y ap deplwaye vaksen yo kounye a, li toujou enpòtan pou moun yo kontinye mete mask, respekte distans sosyal la, fès tès COVID-19 la, epi lave men yo? Poukisa?
3. Kijan vaksen yo aji? Èske m kapab trape COVID-19 nan vaksen kont COVID-19 la?
4. Èske vaksen yo efikas?
5. Gen anpil enkyetid konsènan efè segondè yo apre w fin pran vaksen an. Ann revize sa yo epi n ap pale sou yo ansanm.
6. Èske vaksen an san danje?
7. Pandan konbyen tan vaksen yo pral efikas? Apre moun yo fin pran premye vaksen an, èske yo pral oblije pran piki rapèl yo pou pwoteje yo kont COVID-19 la?
8. Kounye a genyen de (2) vaksen y ap bay nan tout Etazini pou yo itilize annijans. Ki diferans ki genyen ant yo de a? Èske youn pi efikas pase lòt?
9. Genyen varyant COVID-19 ki pi kontajye yo idantifye Ozetazini, ki soti Wayòmni ak Afrik di Sid. Èske vaksen yo efikas nan pwoteje moun yo kont varyant yo?
10. Poukisa li enpòtan pou plis moun kore vaksen an epi pran li?
11. Lè n ap pale sou vaksen kont COVID-19 la, genyen de (2) sijè ki mache kòtakòt – sekirite ak efikasite. Ann revize sa yo epi n ap pale sou yo ansanm.
 - Èske vaksen an san danje?
 - Èske vaksen an san danje pou moun ki gen sistèm iminitè afebli yo?
12. Gen anpil kalite oswa mak vaksen ki diferan (Moderna, Pfizer, J&J). Ki diferans ki genyen ant yo? Èske gen kèk ki pi bon pase lòt yo? Èske m ap kapab chwazi sa pou m pran an?
13. E pou kèk nan efè segondè ki pi grav yo – nou te tande rimè sou Paralezi Bell oswa pwoblèm pa ka fè pitit. Èske w kapab rezoud pwoblèm sa a?
14. Èske moun ki te teste pozitif pou antikò COVID-19 yo ta dwe panse pou yo pran yon vaksen kont COVID-19?
15. Gen opinyon k ap soti epi ki kontradiktwa nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Òganizasyon Mondyal Lasante sou sekirite vaksen an pou fanm ansant yo. Ki refleksyon k ap fèt kounye a epi kisa nou konnen jiska prezan?
16. Kisa k ap pase si mwen sote dezyèm vaksen an? Poukisa li enpòtan pou nou pran toude?
17. Kijan pou m enskri pou m pran vaksen an?
18. M ap planifye pou m pran vaksen an, men lòt moun yo nan kominote m lan se Sentoma. Kijan m kapab ede yo?

Ranfòse Konfyans

- 19. Kijan kominote yo te kreye sipò debaz anndan yo pou yo travèse moman difisil yo?
- 20. Poukisa li enpòtan pou moun yo pran yon vaksen kont COVID-19 epi kisa sa vle di espesyalman pou moun ki pa blan yo?
- 21. Lè vaksen an vin pi disponib pou piblik la, èske w wè gen obstak pou imigran san papye yo jwenn li, sitou akòz laperèz yo genyen pou aksyon lajistis?
- 22. Èske vaksen kont COVID-19 la san danje pou moun k ap viv ak VIH/SIDA yo?

Enpak Demezire ak Rekonesans Istwa

- 23. Gouvènman an te sanksyone eksperyans ki te fèt sou kominote moun ki pa blan yo nan tan lontan tankou eksperyans Tuskegee a, esterilizasyon fanm Pòtorikèn yo, ak Politik sou Separasyon Amerendyen an (American Indian Termination Policy). Malgre sipò CDC bay pou vaksen kont COVID-19 yo, akòz chòk istorik la, anpil kominote yo mete sou kote toujou retisan, gen enkyetid, ak/oswa meprizan pa rapò ak efikasite vaksen an ak deplwaman li pou itilizasyon annijans. Ki kèk mezi kominote medikal la ap pran pou li abòde preyokipasyon lejitim kominote yo mete sou kote yo kontinye ap ekspriime?
- 24. Moun ki soti nan ras ak gwoup etnik diferan ki fè pati gwoup ki mal reprezante yo gen yon risk demezire pou yo vin malad epi mouri nan COVID-19. Kijan enpak sa fè sou distribisyon ekitab vaksen yo?
- 25. Selon CDC, popilasyon ki mal reprezante yo gen plis risk demezire pou yo trape epi mouri nan COVID-19 la, lè w konpare yo ak lòt gwoup yo. Selon ou, ki mesaj oswa entèvansyon espesifik ki ta dwe vize popilasyon ki mal reprezante yo pou diminye fado COVID-19 la?
- 26. Kominote LGBTQ a te konnen yon kriz sanitè (VIH/SIDA) resan yo pa t abòde avèk menm seryozite epi rapidite yo abòde kriz COVID-19 la. Kijan lidè yo ap asire yo mete manm kominote LGBTQ yo nan deplwaman vaksen an?

Kesyon pou Klinisyen yo

- 27. Antanke pwofesyonèl swen sante, èske ou te gen/ou gen enkyetid oswa ezitasyon pou pran oswa sipòte vaksen an pèsònèlman? Si se wi, kijan w te kwape yo?
- 28. Èske w te rive pale sou sekirite/efikasite vaksen an avèk pasyan w yo? Ki mesaj ki te touche pasyan w yo?
- 29. Malgre sipò CDC bay pou vaksen kont COVID-19 yo, akòz chòk istorik ak mank konfyans nan òganizasyon medikal yo, anpil kominote yo mete sou kote toujou retisan, gen enkyetid, ak/oswa meprizan pa rapò ak efikasite vaksen an ak deplwaman li pou itilizasyon annijans. Ki mezi kominote medikal la ap pran pou li abòde preyokipasyon lejitim kominote yo mete sou kote yo kontinye ap ekspriime?

Kesyon pou Lidè Relijye yo

- 30. Kijan COVID-19 la te fè enpak sou asanble w la, lòt asanble yo, ak kominote ou pran kontak yo?
- 31. Antanke yon lidè relijye, ki wòl ou wè ou jwe nan jefò vaksinasyon Eta New York ap fè a?
- 32. Èske w te kreye yon prèch oswa te fè yon reyinyon ak asanble w la pou pale sou vaksen an? Si se wi, ki kèk inisyativ ou te mete sou pye nan legliz ak tanp yo pou difize enfòmasyon sou vaksen an, oswa sou zafè vaksinen a sanble yo ak kominote ki toutotou yo?
- 33. Selon ou, ki mesaj ki pi enpòtan pou pataje ak asanble w la? Poukisa?
- 34. Kijan lidè relijye yo ap entegre lasyans ak efikasite vaksen yo nan mesaj/prèch yo a ki santre sou pandemi COVID-19 la?
- 35. Anpil kominote yo mete sou kote toujou retisan, gen enkyetid, ak/oswa meprizan pa rapò ak efikasite vaksen an ak deplwaman li pou itilizasyon annijans akòz chòk istorik ak mank konfyans nan òganizasyon medikal yo. Ki enkyetid ou te tande fidèl ou yo genyen sou vaksen an epi kijan ou te reyaji?
- 36. Ki mezi kominote relijye a kapab pran pou li abòde mank konfyans sa a epi ede fòme kominote li yo?
- 37. Selon listwa, nan kominote moun Nwa, Endijèn ak Moun ki pa Blan yo (Black, Indigenous and People of Color, BIPOC), òganizasyon relijye yo se yon sous pou konsèy espiyèl, resous, ak sipò emosyonèl. Piske kominote BIPOC yo kontinye gen risk demezire pou yo trape COVID-19 epi mouri nan COVID-19 la, konpare ak moun Blan yo, ki kalite konsèy (oswa resous) òganizasyon relijye yo kapab ofri?